

## BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksen kont RSV (Viris Respiratwa Sensisyal): Sa Ou Dwe Konnen

### 1. Pou kisa pou mwen vaksinen?

Vaksen kont RSV ka anpeche maladi vwa respiratwa enferyè ki rive akòz **viris respiratwa sensisyal** (**Respiratory Syncytial Virus, RSV**). RSV se yon virus respiratwa ki kouran ki lakòz òdinèman sentòm lejè ki tankou rim.

Anjeneral, RSV transmèt pa mwayen kontak dirèk avèk virus la, pa egzanp ti gout lè yon lòt moun touse oswa etènye ki antre an kontak avèk zye, nen oswa bouch ou. Li ka transmèt tou lè w manyen yon sifas ki gen virus la sou li, tankou yon manch pòt, epi apresa ou manyen figi w anvan w lave men w.

RSV ka lakòz maladi kay moun ki gen tout laj men li ka grav espesyalman pou tibebe ak granmoun aje yo. Tibebe ak granmoun pi aje ki gen pwoblèm medikal kwonik tankou maladi kè oswa maladi poumon, sistèm iminitè febli, oswa ki abite nan mezon retrèt oswa nan etablisman swen dire long, gen pi gwo risk pou maladi grav ak konplikasyon nan RSV.

Sentòm enfeksyon RSV ka gen ladan nen k ap koule, diminisyon apeti, touse, etènye, lafyèv oswa respirasyon siflan. Pifò moun refè nan youn oswa de semèn, men RSV kapab grav, sa ki lakòz souf kout ak nivo oksijèn ba. RSV ka pafwa mennen tou nan agravasyon lòt pwoblèm medikal tankou opresyon, maladi pilmonè obstruktif kwonik (yon maladi kwonik nan poumon ki rann li difisil pou respire), oswa ensifizans kadyak konjestiv (lè kè a pa kapab ponpe ase san ak oksijèn atravè kò a).

Granmoun ki pi aje yo ak tibebe ki vin malad anpil akòz RSV ka bezwen entène lopital. Kèk ka menm mouri.

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Biltén Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

### 2. Vaksen kont RSV

CDC rekòmande **pou granmoun laj 60 lane oswa plis** ka resevwa yon sèl dòz vaksen kont RSV, baze sou chita pale ant pasyan an ak founisè swen sante.

Yo ka bay vaksen kont RSV anmenmtan avèk lòt vaksen yo.

### 3. Pale avèk founisè swen sante ou

Fè founisè vaksinasyon ou an konnen si moun k ap pran vaksen an:

- Te gen yon **reyakson alèjik apre yon dòz anvansa ak vaksen kont RSV**, oswa si li te gen nenpòt alèji **grav ki mete lavi an danje**

Nan kèk ka, founisè swen sante ou ka deside ranvwaye vaksinasyon RSV an jiska yon pwochen vizit.

Moun ki gen ti maladi, tankou rim, ka pran vaksen an. Moun ki malad yon fason modere oswa yon fason grav dwe òdinèman rete tann jiskaske yo refè anvan yo pran vaksen kont RSV.

Founisè swen sante w la kapab ba ou plis enfòmasyon.



**U.S. Department of Health and Human Services**  
Centers for Disease Control and Prevention

## **4. Risk pou yon reyakson ak vaksen an**

- Doulè, woujè, ak anflamasyon kote yo bay vaksen an, fatig (sansasyon fatig), lafyèv, maltèt, kèplèn, dyare, ak doulè nan misk oswa doulè nan jwenti ka rive apre vaksinasyon kont RSV.

Yo te rapòte trè raman twoub newolojik grav, sa gen ladan sendwòm Guillain-Barré (GBS), apre vaksinasyon kont RSV nan esè klinik yo. Li pa klè si se vaksen an ki te lakòz evènman sa yo.

Pafwa moun endispoze apre pwosedi medikal, apre yon vaksen tou. Fè founisè swen ou konnen si ou santi toudisman, oswa ou gen chanjman nan vizyon oswa si zòrèy ou ap boudonnen.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans ki piti anpil pou yon vaksen lakòz yon reyakson alèjik grav, lòt chòk grav oswa lanmò.

## **5. E si gen yon pwoblèm grav?**

Yon reyakson alèjik ka rive apre moun ki pran vaksen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyakson alèjik grav (itikè, anflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij oswa feblès) rele **9-1-1** ak mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Pou lòt siy ki enkyete ou, rele founisè swen sante ou.

Yo dwe rapòte reyakson negatif yo nan Sistèm Rapò sou Efè Endezirab Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Òdinèman, founisè swen sante ou ap fè rapò sa a, oswa ou ka fè li oumenm. Ale sou sitwèb VAERS la nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan **1-800-822-7967**. VAERS se pou rapòte reyakson yo sèlman, epi manm pèsonèl VAERS yo pa bay konsèy medikal.

## **6. Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?**

- Mande founisè swen sante ou.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Vizite sit entènèt Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou jwenn avi ki vini ak vaksen yo ak enfòmasyon anplis nan [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines)
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC):
  - Rele **1-800-232-4636** (**1-800-CDC-INFO**) oswa
  - Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).

